

16 mas, 2022

Chè Manm Komite Skolè a,

Mèkredi, 23 mas, 2022, Komite Skolè a ap vote sou bidjè ane finansye 2023 a pou Lekòl Piblik Boston. Total fon jeneral la pou konsiderasyon w se **1.334.845.508\$**.

N ap fè pwogrè pou n atenn objektif sa yo avèk divès nouvo investisman Majistra Wu ak Vil Boston ap founi. Nou te arive eksplwate sipò finansye enkonparab Vil nou an pou n devlope « Garanti de Kalite » nou an. Avèk itilizasyon yon investisman operasyon 110\$ milyon, n ap travay pou n garanti divès sèvis debaz nan tout lekòl, atravè bonjan kalite eksperyans, kèlkswa lekòl la, pwogram nan, oswa katye a. Garanti de kalite sa a pral grandi pou l gen ladan l : Sipò pou Elèv ak Fanmi, Pwogram Etid ak Afè Akademik, Enstalasyon, ak Anrichisman.

Jodi a, pwopozisyon final nou pou egzaminasyon w (an fòm tablo bidjè ki vin ansanm avèk lèt sa a) ap afiche sou entènèt e l ap pataje avèk divès manm Komite Skolè a. Memorandòm sa a rezime divès chanjman ki reflekte nan pwopozisyon sa a parapò a bidjè orijinèl ki te pwopoze 2 fevriye ane sa a.

Chanjman nan Bidjè Lekòl yo

Chak ane, premye bidjè pwopoze a gen ladan l yon kantite rezèv anplis ke nou gen entansyon likide an pati pandan tout pwosesis bidjè a. Rezèv yo prezève nan Biwo Bidjè a, e finalman yo transfere nan bidjè lekòl yo. Anba a w ap wè yon rezime chanjman sa yo pou ane sa a. Byenke n ap kenbe kèk rezèv k ap likide pandan ete a ak otòn nan, fon suivan yo te arive transfere sot nan rezèv santral la pou al nan bidjè lekòl yo.

- Chanjman nan konfigirasyon (aranjman nivo klas yo) - K-8 (jadendanfan K jiska 8yèm ane) ap konvèti a K-6 (lekòl Trotter, lekòl King) ak Lekòl Segondè yo k ap ajoute klas 7yèm ak 8yèm ane (lekòl segondè Burke ak lekòl segondè Brighton High) : 1.795.618\$
 - Lekòl Trotter ak lekòl King : Te retire pòs sal de klas 7yèm ak 8yèm ane yo ak pòs anseyan spesyalis yo, yo te redui distribisyon WSF yo (fon balanse pou elèv yo) ak distribisyon Tit I yo. Sa pa t fè domaj a okenn lòt pòs ak liy anplwa ki pa liy manm pèsònèl.
 - Lekòl Burke ak lekòl Brighton : Te ajoute pòs sal de klas 7yèm ak 8yèm ane ak pòs anseyan spesyalis, yo te ogmante distribisyon WSF (fon balanse pou elèv yo), Lajan Siplemanantè pou kore kèk mankman, ak fon Tit I, yo te ogmante kantite sikològ FTE (aplentan), yo te ajoute bibliyotekè FTE (aplentan), yo te ogmante pwovizyon ak montan bidjete ranplasan yo.
 - Lekòl P.A. Shaw: Epitou ekip nou an ap pral travay avèk lekòl P.A. Shaw pou ajoute klas 4yèm ane pou ane pwochèn. Sa pa ko parèt nan bidjè lekòl la ; nan moman sa a li an rezèv pandan n ap travay avèk lidè lekòl la pou n modifiye pwogram yo a.
- Lekòl Madison Park Technical Vocational High School : Lidè lekòl la, an kolaborasyon avèk Chèf Lekòl yo ak sipèentandan lekòl yo, arive deside limite enskripsyon yo. Pakonsekan, distribisyon WSF yo bese pa 586.965\$.

- Enplemantasyon ekspansyon Sikològ Lekòl yo, kreyasyon yon pwopòsyon 1 sikològ pou chak 500 elèv nan tout distri a, pou satisfè standa nasyonal yo. 2.334.556\$ pou 22 FTE (anplwaye aplentan) anplis nan tout lekòl
- Enplemantasyon ekspansyon Bibliyotèk ak Bibliyotekè : 3.588.156\$ ki reprezante 33,5 FTE (anplwaye aplentan) nan 38 lekòl
- Desizyon sou distribisyon nan lekòl yo selon egzaminasyon Komite pou Egzaminasyon Bidjè Lekòl yo : Ogmante bidjè patikilye lekòl yo pa 999.234\$.
 - Chanjman k ap afekte plizyè lekòl ki anrapò avèk monitè (monitris) manje midi yo (monitè/monitris kafeterya yo) ; nou te mete fòmil monitè manje midi FTE a (anplwaye aplentan an) ajou, pou l gen ladan l divès previzyon pou klas 6yèm ane yo. Nou te ajoute 15 monitè manje midi ki koute yon pri total de 139.740\$
- Finalize desizyon k ap fèt konsènan Lajan Sipleman pou kore kèk mankman nan lekòl yo : Ogmante bidjè patikilye lekòl yo pa 1.633.412\$
 - Mentni 30 monitè manje nan lekòl yo
 - Sa p ap afekte lekòl King, Trotter, Burke, ak Brighton kòm pati ekspansyon nivo klas 7yèm jiska 12yèm ane a
 - Ogmantasyon egzijans nan konfòmite pou Elèv k ap Aprann Anglè ak Edikasyon Espesyal

Nan twa domèn sa yo, bidjè lekòl yo arive ogmante pa yon total de 9.341.217\$ depi pwopozisyon orijinèl la te fèt la. Katreven diyuit lekòl arive wè ogmantasyon nan bidjè patikilye yo depi 2 fevriye

Chanjman nan Bidjè Lekòl yo

Gen kèk ti chanjman nan bidjè pwopoze a pou depatman santral yo. Sa yo, yo menm, pi limite e yo reprezante divès transfè ant depatman santral yo e ant diferan tip kont anndan yon depatman patikilye.

Sèl chanjman nan bidjè santral yo ki reflekte nan tablo yo gen pou wè avèk adisyon manm pèsònèl sipò santral yo pou investisman bibliyotèk la. 1 FTE (anplwaye aplentan) te ajoute nan santral la, yon Asistan Direktè nan Sèvis Bibliyotèk yo. Epitou fon te ajoute nan bidjè operasyon sèvis bibliyotèk yo pou kouvri frè sistèm bibliyotèk yo nan tout lekòl. Chanjman sa yo egal a 346.087\$ ki te ajoute nan depatman Akademik la.

Epitou mwen òdone ekip Finans lan pou l fè plizyè chanjman nan divès bidjè santral yo, sou baz divès kòmantè nou te resevwa nan pwosesis bidjè a. Chanjman sa yo pa reflekte nan bidjè aktyèl la, men y ap enkòpore infwa ke ekip Finans lan gen opòtinite pou l idantifye divès depans inik ki pa t an liy de kont. Depans sila yo enkli :

- 1\$ milyon fon anplis pou Divizyon Ekite, Strateji, ak Rediksyon nan Opòtinite a pou kore Kowòt Lidèchip Stratejik Antirasis la, divès Pwogram Inovatif Sible, Konsiltasyon Regleman ak Devlopman Pwofesyonèl OAG (Biwo pou Rediksyon Mankman nan Opòtinite ak Resyisit).
- 800.000\$ fon anplis pou Biwo Rekritman, Kiltivasyon, ak Divèsite pou elaji plizyè inisyatif e fè preparasyon nan yon fason aktif pou mankman nan kantite manm pèsònèl ke nou anitise ap enpakte kòmansman ane finansye 2022-2023 a.
- 500.000\$ pou Depatman Spòtif la pou elaji ekip santral yo a, pou yo kapab soutni e

kowòdone divès pwogram spòtif nan tout distri a.

Mwen ta neglijan si m ta konkli lèt sa a san mwen pa remèsye manm pèsònèl devwe sila yo ki te ede devlope bidjè sa a, pami yo : lidè lekòl yo, konsèy skolè lokal yo, ekip finans lan, ak chèf departman yo. Yo reprezante meyè kalite Lekòl Piblik Boston e yo reprezante agajman nou anvè elèv nou yo, fanmi n yo, ak kominote n yo.

Sensè salitasyon,

Doktè Brenda Cassellius
Sipèentandan